уэгъэгу пстэуми япролетариехэр, зы шъухъу!

# Социалистическэ АДЫГЕЙ

ВКП[б]-м и АДЫГЭ ОБКОМРЭ ТРУДЯЩХЭМ ЯДЕПУТАТХЭМ ЯХЭКУ СОВЕТРЭ ЯОРГАН

Къыздэкlырэр я 17-рэ илъ.

Февралым и 27
Тхьаумаф
№ 21(3686)
ыуасэр чап. 20

## ВЕРХОВНЭ ГЛАВНОКОМАНДУЮЩЫМ и ПРИКАЗ

### *Армие генералэу ПОПОВЫМ*
### *Армие генералэу ГОВОРОВЫМ*
### *афакlo*

Я 2-рэ ПРИБАЛТИЙСКЭ фронтым идзэмэ, ЛЕНИНГРАДСКЭ фронтым идзэхэр занкlэу lэпыlэгъу къафэхъухэзэ, мэз-темэн чlыпlэ къинхэмэ наступлением защырагъэушъобгъуи, непэ, февралым и 24-м, атакэ пхъашэу ашlыгъэм къыхэкlэу къалэу ыкlи мэшlоку гъогу зэхэкlыпlэу ДНО—Псковскэ лъэныкъом немцэмэ оборонэу щаlыгъым иопорнэ пункт гъэпытагъэу щытыгъэр аштагъ.

Къалэу ДНО штэгъэнымкlэ заоу ашlыгъэхэм генерал-лейтенантэу КОРОТКОВЫМ, генерал-лейтенантэу РОГИНСКЭМ, генерал-майорэу СТЕПАНЕНКОМ, генерал-майорэу РОЖДЕСТВЕНСКЭМ ядзэхэр, артиллерием игенерал-майорэу КУПРИЯНОВЫМ, артиллерием игенерал-майорэу ПЕТРОПАВЛОВСКЭМ яартиллеристхэр, полковникэу ПШЕНЕЦКЭМ, полковникэу УРБАНОВЫМ ятанкистхэр къащыхэщыгъэх.

Текlоныгъэу ашlыгъэр ознаменовать шlыгъэным пае къалэу ДНО шъхьафит шlыжьыгъэнымкlэ ашlыгъэ заохэм анахьэу къащыхэщыгъэ соединениехэр ыкlи частхэр „ДНОВСКЭ“ цlэхэр афашlынхэм, орденхэмкlи наградить ашlынхэм пае представить къашlынхэ фае.

Непэ, февралым и 24-м, сыхьатэр 21-м ти Родинэ истолицэу МОСКВА Родинэм ыцlэкlэ тидзэ шlагъохэу, къалэу ДНО зыштэжьыгъэхэмэ, топишъэрэ тlокlырэ плlырэр зэдаозэ, огъу пшlыкlутlукlэ салют афешlы.

Шъо зэкlэ шъузипэщэ дзэхэу къалэу ДНО шъхьафит шlыжьыгъэнымкlэ заоу ашlыгъэхэм ахэтыгъэхэу дэгъу шъыпкъэу зэуагъэхэмэ БЛАГОДАРНОСТЬ ЯСЭХЫ.

Ти Родинэ ишъхьафитныгъэрэ инезависимострэ афэбанэхэзэ, хэкlодэгъэ геройхэм егъэшlэрэ щытхъор адэжь!

Немецкэ техакlохэмэ аджалэр зэрафэтхьын!

*Верховнэ Главнокомандующэр*
*Советскэ Союзым и Маршалэу*
*И. СТАЛИН.*

Февралым и 24 1944-рэ илъэс.

## ВЕРХОВНЭ ГЛАВНОКОМАНДУЮЩЫМ и ПРИКАЗ

### *Армие генералэу РОКОССОВСКЭМ*
### *фaкlo*

А 1-рэ БЕЛОРУССКЭ фронтым идзэмэ, псыхъоу ДНЕПРЭ зэпырыкlыхи, немцэмэ яоборонэу инэу гъэпытагъэм фронтымкlэ километрэ 50 хъоу пхыратхъугъ, мэфи 3-м наступательнэ заохэу ашlыгъэхэм къыкlоцlы километрэ 20—25-у ыпэкlэ лъыкlотагъэх ыкlи непэ, февралым и 24-м къалэу ыкlи мэшlоку гъогу станцие инэу РОГАЧЕВ—Бобруйскэ лъэныкъом немцэмэ оборонэу щаlыгъым мэхьанэшхо щызиlэгъэ опорнэ пунктэу щытыгъэр штурмэкlэ аштагъ.

Къалэу РОГАЧЕВ штэгъэнымкlэ заоу ашlыгъэхэм генерал-лейтенантэу ГОРБАТОВЫМ, генерал-майорэу УРБАНОВИЧЫМ ядзэхэр, артиллерием игенерал-лейтенантэу СЕМЕНОВЫМ иартиллеристхэр, подполковникэу МАКАРИКОВЫМ, майорэу БЕРЯКОВЫМ ятанкистхэр, авиацием игенерал-лейтенантэу РУДЕНКОМ илетчикхэр, полковникэу ВОРОНОВЫМ, майорэу КОЖИНЫМ, капитанэу ШАФЕРОСТ ясаперхэр къащыхэщыгъэх.

Текlоныгъэу ашlыгъэр ознаменовать шlыгъэным пае къалэу РОГАЧЕВ шъхьафит шlыжьыгъэнымкlэ заоу ашlыгъэхэм анахьэу къащыхэщыгъэ соединениехэр ыкlи частхэр „РОГАЧЕВСКЭ“ цlэхэр афашlынхэм, орденхэмкlи наградить ашlынхэм пае представить къашlынхэ фае.

Непэ, февралым и 24-м, сыхьатэр 22-м ти Родинэ истолицэу МОСКВА Родинэм ыцlэкlэ а 1-рэ БЕЛОРУССКЭ фронтым идзэ шlагъохэу, къалэу РОГАЧЕВ зыштэжьыгъэхэмэ, топишъэрэ тlокlырэ плlырэр зэдаозэ огъу пшlыкlутlукlэ салют афешlы.

Шъо зэкlэ шъузипэщэ дзэхэу къалэу РОГАЧЕВ шъхьафит шlыжьыгъэнымкlэ заоу ашlыгъэмэ ахэтыгъэхэу дэгъу шъыпкъэу зэуагъэхэмэ БЛАГОДАРНОСТЬ ЯСЭХЫ.

Ти Родинэ ишъхьафитныгъэрэ инезависимострэ афэбанэхэзэ, хэкlодэгъэ геройхэм егъэшlэрэ щытхъор адэжь!

Немецкэ техакlохэмэ аджалэр зэрафэтхьын!

*Верховнэ Главнокомандующэр*
*Советскэ Союзым и Маршалэу*
*И. СТАЛИН.*

Февралым и 24 1944-рэ илъэс.

## СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫТРЭР

### Февралым и 25-м иоперативнэ сводкэ щыщ

февралым и 25-м къыкlоцlы СТРУГИ КРАСНЫЕ зыфиlорэм икъыблэ-тыгъэ къохьэпlаlокlэ ыкlи икъыблаlокlэ тидзэмэ наступлением защарагъэушъобгъузэ, населеннэ пунктхэу МЕЛЬНИЦЫ, ЛУТОВО, ПЛОШАНЫ, КВАШЕНКИНА ГОРКА, КЕБСКО, ГОРИТА зыфиlохэрэр ыкlи мэшlоку гъогу станциеу ЛАПИНЭР щаштагъэх.

Къалэу ДНО итыгъэ къохьэпlаlокlэ ыкlи икъыблаlокlэ тидзэмэ гъэхъагъэ яlэу наступлением защарагъэушъобгъуштыгъэ ыкlи Ленинградскэ областым ирайоннэ центрэу ДЕДОВИЧИ аштагъ, джащ фэдэ къабзэу фэшъхьафрэ населеннэ пунктхэу 40-м ехъу заокlэ аштагъэх, ащымэ БОРЗИЛИЦЫ, ЯДРЕЛЕВО, ДЕМЯНКА, ШИЛИНКА, АРБУЗОВА, КРАСНАЯ ОСТРОВА, ЗАХОДЫ, СТАРЫЕ ЛИПКИ, ТИМОНОВО, САЖИНО зыфиlохэрэр ыкlи мэшlоку гъогу станциехэу БАКАЧ, ДЕДОВИЧЭР ащыщых.

Къалэу ХОЛМ итыгъэ къохьэпlаlокlэ ыкlи икъыблэ-тыгъэ къохьэпlаlокlэ тидзэхэр заохэзэ ыпэкlэ ащылъыкlуатэщтыгъэх ыкlи населеннэ пункт заулэ ащаштагъ, ащымэ МЕЖНИК, БАРЛАЕВО, НАВОЛОКИ, ИСАКОВО, ДОРКА, БОРОДИНО, КЛАДОВИЦЫ зыфиlохэрэр ащыщых.

Къалэу РОГАЧЕВ исевернаlокlэ тидзэмэ наступательнэ заохэр щашlыщтыгъэ, ахэр ашlы зэхъум населеннэ пункт заулэ аштагъ.

Фронтым ифэшъхьафрэ чlыпlэхэм разведкэхэр ащашlы.

Февралым и 24-м къыкlоцlы тидзэмэ фронт пстэуми немецкэ танк 24-рэ ащакъутагъ ыкlи ащагъэкlодыгъ. Ошъогу заохэм пыим исамолет 43-рэ къащраутэхыгъ ыкlи зенитнэ артиллерием имашlокlэ къыраутэхыгъэх.

### Февралым и 26-м иоперативнэ сводкэ щыщ

Февралым и 26-м къыкlоцlы ПСКОВСКЭ лъэныкъомкlэ тидзэхэмэ наступлением зыщырагъэушъобгъузэ, къалэу ыкlи мэшlоку гъогу станцие инэу ПОРХОВ, Ленинградскэ областым ирайоннэ центрэу ыкlи мэшlоку гъогу станциеу НОВОСЕЛЬЕ щаштагъэх, ащ фэдэ къабзэуи фэшъхьафрэ населеннэ пунктхэу 100-м ехъу заокlэ щаштагъэх, ахэмэ КОЛЯДУХА, ИВАНОВЩИНА, ЕЛЕВИЦЫ, КРАСНАЯ МАЛАХОВКА, ЯМКИНО, ГУСЛИ, ПОДОКЛИНЬЕ, ПОЛЯНЫ, ЗАХАНЬЕ, ТИМОНОВО зыфиlохэрэр ащыщых.

Къалэу ХОЛМ итыгъэ къохьэпlаlокlэ ыкlи икъыблэ-тыгъэ къохьэпlаlокlэ тидзэхэр заохэзэ ыпэкlэ ащылъыкlотагъэх ыкlи Калининскэ областым ирайоннэ центрэу, мэшlоку гъогу станцие инэу ЛОКНЯ щаштагъ, ащ фэдэ къабзэуи фэшъхьафрэ населеннэ пунктхэу 150-м ехъу заокlэ щаштагъэх, ахэмэ населеннэ пункт инхэу ЧИХАЧЕВО, ШИЛОВО, БОЛЬШИЕ ЛЯДЫ, УТЕХИНО, МОРОЗОВО, ПРОКОПИНО, СЕРГЕЕВСКАЯ, СМЕТАНИНО зыфиlохэрэр ыкlи мэшlоку гъогу станциехэу ПЛОТОВЕЦ, ЧИХАЧЕВО, АШЕВО, ЛОЗОВИЦЫ, СУЩЕВО, ЗАГОСКИНО, ТИГОШИ, СТРИМОВИЧИ ащыщых. Тидзэхэмэ ДНО—НОВОСОКОЛЬНИКИ мэшlоку гъогум пыир тырафи, зэкlэ аукъэбзыгъ.

НОВОСОКОЛЬНИКИ исеверэ-тыгъэ къохьэпlаlокlэ ыкlи итыгъэ къохьэпlаlокlэ тидзэхэмэ наступательнэ заохэр ащашlыщтыгъэх, ахэр ашlы зэхъум населеннэ пункт 60-м ехъу ащаштагъ, ахэмэ ВАСИЛЕВО, ПОДДУБЬЕ, ГРЫЖЕВО, СУВОРОВО, СУШИНО, МАНУКОВО, УСТРУГИ, ЗАХОДЫ зыфиlохэрэр ыкlи мэшlоку гъогу станциехэу МАЕВО, УСТРУГИ ащыщых.

Фронтым ифэшъхьафрэ участкэхэм—разведчикхэр ащылъыхъощтыгъэх.

Февралым и 25-м къыкlоцlы тидзэхэмэ фронт пстэуми немецкэ танк 36-рэ ащакъутагъ ыкlи ащагъэкlодыгъ. Ошъогу заохэм пыим исамолет 39-рэ къащраутэхыгъ ыкlи зенитнэ артиллерием имашlохэмкlэ къыраутэхыгъэх.

* * *

Къалэу Новосокольники исеверэ-тыгъэ къохьэпlаlокlэ ыкlи итыгъэ къохьэпlаlокlэ тидзэхэмэ пыим иоборонэ ишъолъырэу лъэшэу гъэпытагъэм ащыпхыратхъуи, лlэблэнагъэ ахэлъэу ыпэкlэ ащылъыкlотагъэх ыкlи населеннэ пункт 60-м ехъу ащаштагъ. Зы пункт горэм пае ашlыгъэ заом Н-скэ соединением ичастхэмэ немецкэ пехотнэ полкыр щызэхакъутагъ ыкlи артиллерийскэ ыкlи минометнэ батарейхэу 6 щагъэкlодыгъ. Фэшъхьафрэ районым советскэ боецхэр пыим итылы щыкlоцlырыхьагъэх ыкlи чэщым немецкэ пехотэм иротэ ыlыгъыгъэ чылэм дэзэрэхьагъэх. Ошlэ-дэмышlэу зэратебэнагъэхэм къыхэкlыкlэ, немцэмэ ащыщ горэм кlиlэжьын ылъэкlыгъэп. Гитлеровцэмэ ащыщ пчъэгъабэ агъэкlодыгъ, адрэхэр пленэу къаубытыгъэх.

